ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№26 (21.184) ● 2008 гъэм мазаем (февралым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ДытемыкІуэмэ, лъэпкъым и къарур щІихынущ

Къэбрэдей-Балькъэр Республикэм Наркотикхэр щыІэмыгъэкІуэнымкІэ и комиссэм и эуІущІэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

ГАЗЕТЫМ еджэхэр зэрыщыгъуаэщи, а комиссэр кыІуэрагъэпэщауэ щыгащ КъБР-м и Президентым и указхэу «Хабзэм кьемызэгъыу наркотикхэр, психотропнэ хущІыхьэхэр, абыхэм я нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэр зэрызэблагъэкІым пщІэтынымкІэ аргуэру дэжьыпхьохэм я Іуэхукі» 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м, «Къэбрэдей-Балькъэр Республикэм Наркотикхэр щыІэмыгъэкІуэнымкІэ и комиссэм и Іуэхукі» 2007 гъэм щэкІуэгъуэм и 16-м кьыдэкІаХэм ятІкІэ. Комиссэм хэтщ КъБР-м и министерствохэмрэ ведомствохэмрэ я Іэтащхьэхэр, республикэм и хабзэхьумэ органхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихыхьмКьанокъуэ Арсен кьыхиэщащ мы комиссэр кьызэрагъэпэщын хуей щІэхъуар «ди зэманым кьытлыкІуэкІа а гуэвэгъуэм мыхьумыщІагъэ нихэр кьызэрызлихьыр, абы пэщІэтыным хуэунэтІауэ властым и органэм, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм, жылагъуэм, адэ-анэхэм я зэфІэкІыр зэкъуэгъэувэн, щІалэгъуалэр афияным зэрыдихьэхыр кьызэпыудын хуейуэ зэрыщытыр» зэрыарар.

- Фызэрыщыгъуаэщи, иужьрей илъэси 10 - 15-м кьэрибыдэу ди республикэми зэрыщытУрысеймы мы Іуэхур тКІийуэ кьыщоув, - жиІащ Президентым. - Нобэм ирихьэлІэу пыухыкІауэ кьэбгъэльагъуэ хьунущ: а гуэввгъуэм дэ дыгэмыльэщэ, абы лъэпкъым и гущІэри и зэфІэкІри щихынущ.

Республикэм и Іэтащхьэм кьыхихэщащ комиссэм кьыпэщыт кьалэнхэр нэсу игъэззщІэфыну зэрыщыгугъыр.

Комиссэм и эуІущІэм щыхэпІащ щІыхуэр афияным емыгъэтхьэкъунымрэ ар хабзэм кьемызэгъыу зэрызэблагъэкІым пщІэтынымкІэ Къэбрэдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэ комиссэм 2006 - 2007 гъэхэм зэфІэкІахэм. Абы теухуауэ ялэжьаХэр зэІущІэм хэтхэм я пащхьэм ирилъхьащ УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъныжмкІэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Кульбаев Руслан.** Апхуэдэу а махуэм хэпльащ щІэуэ кьызэрагъэпэща комиссэр 2008 гъэм зэрызэкъэнущ планым.

ЗэІущІэм кьырихьэлІащ Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъныжмкІэ и федеральнэ къулыкъум и Ямэ департаментым и Управленэу Ипщэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІым и кІуэдзэ, полицэм и генералмайор **Кумыщ Мухьэрбий.**

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Законхэр кьыдэзыгъэкІ органым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэм. КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кІуэдзэ Феденикэ Людмилэ иригъэкІуэкІам. Іуэхугъуи 10-м щІигъум щытепсэльыхьащ. ЗэІущІэм и лэжьыгъэм хэтащ Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу республикэм и Парламентым, суд органхэм щыІэ Къуэшырокъуэ Залым.

Депутатхэм къагъэув

АПК-м зегъэужьыным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр гъэкІуэтэн хуейуэ

ПАРЛАМЕНТЫМ Экономикэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІым и кІуэдзэ **Атэлыкъ Анатолий** и лэжьэгъуэхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Къэрэгъэш къуажэм дэт школ унэр пщІэ кьыпэмыкІуэу Прохладнэ муниципальнэ районым и муниципальнэ мыльку щыным и лъэныкъуэкІэ арэзыныгъэ иратыну КъБР-м и Правительствэм зэрызакъыхуигъэзар.

А документыр депутатхэм, Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм хуагъэхьащ, яджын икІи дагъэхэр хуащІын, зыхуэІ Іуэхугъуэхэр кьыхалъхьэн папщІэ.

Президиумым хэтхэр тепсэльыхьащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ субъектхэм законхэр кьэщтэн и лъэныкъуэкІэ кьыхахьа жэрдэм зыбжанэм.

Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узыншагъэр хьумэнымкІэ и комитетым и унафэщІым и кІуэдзэ **Дадэ Исмел** кьыхилъхьэри, депутатхэр зэпэщІащ зи школ кІуэгъуэ мыхьуа сабийхэр щаГьгъ икІи щрагъаджэ Іуэхущ1ащІэхэр ираухуэн щхьэкІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу ахьшэ кьаУтІепщыну кьэралым и унафэщІым и ІэнатІэм хиубыдэ дэ ежьащІэхэм я лэжьэкІэмкІэ рейтингхэр ягъэувыу щІэдзэнущ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр тэмэму зэтрагъэува нэужь, школхэр нэхъ зэІуахуэу лэжьэнущ, ахэр зехьэныж жылагъуэри нэхъ зыубгъуауэ хэтынущ.

РГ.: Лъэпкъ проектыр республикэм щыгъэззэщІэным сыт хуэдэ Іуэхуэхэр кьрикІуэрэ?

ЩхьэгъэпсоМ: А проектым ипкъ иткІэ инвестицэу сом мелуан 330-рэ хуэдизэ кьытІэрыхьащ, абы щыщу сом мелуан 80-р щІыналъэ бюджетым кьыхэкІащ. Апхуэдизэ ахьшэмкІэ школхэм папщІэ автобусу 67-рэ, иджырей лабораторуэу 239-рэ кьащІэхуащ. Апхуэдизэ классхэм я унафэщІхэм ахьшэ зэрыхущІагъу, нэхъ зэччиныгъэ зыбгъэдэльабийхэр еджэным зэрытрагъэгушхуэ системэхэр зэтеуващ. Республикэм щыІэ еджапІэ 342-р псори Интернетым папщІащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, егъэджэныгъэм и мыльку-техникэ зэфІэкІым нэрылъагъуу зихьэужащ. СыэзрепльымкІэ, нэхьыщхьэ дыдэр арщи, егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэр зэпымыууэ ирагъэфІэкІуэн папщІэ Іэмал псори кьыхуэзгъэпэщащ икІи ар икьуклІэ сабэп хуэщащ школхэр кьэзыухэм я щІэныгъэм кІуащІэ зэгъэхьуэныкмкІэ. Ауэ Іэмэпсымэхэр кьэпщэхуклІэ псори зэфІэкІыркым. Ар сэбэп пылъу, тэмэму хэбгъэсэбэпыфын хуейщ. Кьащтэмэ, псом япэу ар яхуэгъэзащ «президент» ахьшэу сом мелуан зырыз зыІэрыхьа школхэм. Апхуэдэ еджапІэхэр, сэ кьызэрыслъытэмкІэ, псори зыдэпльэн Іуэхущ1апІэ, щапхъэ зыгъэрахын егъэджакІуэхэр зи куэд щколу щытыпхъщ. Лъэпкъ проектыр нобэрей лэжьыгъэм и мызакъуэу, псом япэу, зытеухуар зэман кьэкІуэнурщ.

(КІэухыр 2-нэ нэп.).

Къэбрэдей-Балькъэрым бизнесымкІэ и институтым Урысей Федерацэм налогхэмкІэ и Палатэм кьыдогъэхьІыу хуитыныгъэ щхьэхуэ кьратащ налогхэмкІэ чэнджэщІэу кьулыкъур зезыхьэну Іэщ1агъэ1ЭхэрэгъэхьэрырымкІэ.

ДЯПЭКІЭ апхуэдэ лэжьакІуэхэр щыІэн зэрыхуейм щхьэусыгъуэ хуэхьуащ налогым пыщІа Іуэхугъуэхэр зэрызрагъакІуэ щІыкІэм цІыхубэр зыкІи щымыгъуазэу, ущэхуауэ нобэм кьэкьыгэрекІуэкІыр.

Мы Іуэхум хурагъэджэнуэхэм я кьалэн зэрызыщхьэр цІыхум кьытехуэ дэтхэнэ зы налогми и кьесЪапІэмрэ и кІуапІэмрэ зэхэщІыкІыныфыуэ лэжьыным трагъэгушхуэн папщІэ ятыну ахьшэ Іыхьэрэ. Абы и хьэжькІэ егъэджакІуэхэм я лэжьапщІэм процент 25-рэ нэхъ мыкъэ, мащІэ хэхъуэнущ. Абыхэм кьадэкІуэу дэ ди мурадщ егъэджэныгъэм и фІагъыр кьыІэрапщІэ щІыналъэ системэ зэхэтІлъхьэну. Абы ипкъ иткІэ, псалъэм папщІэ, егъэджэныгъэм и муниципальнэ ІэнатІэм хиубыдэ еджапІэхэм я лэжьэкІэмкІэ рейтингхэр ягъэувыу щІэдзэнущ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр тэмэму зэтрагъэува нэужь, школхэр нэхъ зэІуахуэу лэжьэнущ, ахэр зехьэныж жылагъуэри нэхъ зыубгъуауэ хэтынущ.

РГ.: Лъэпкъ проектыр республикэм щыгъэззэщІэным сыт хуэдэ Іуэхуэхэр кьрикІуэрэ?

ЩхьэгъэпсоМ: А проектым ипкъ иткІэ инвестицэу сом мелуан 330-рэ хуэдизэ кьытІэрыхьащ, абы щыщу сом мелуан 80-р щІыналъэ бюджетым кьыхэкІащ. Апхуэдизэ ахьшэмкІэ школхэм папщІэ автобусу 67-рэ, иджырей лабораторуэу 239-рэ кьащІэхуащ. Апхуэдизэ классхэм я унафэщІхэм ахьшэ зэрыхущІагъу, нэхъ зэччиныгъэ зыбгъэдэльабийхэр еджэным зэрытрагъэгушхуэ системэхэр зэтеуващ. Республикэм щыІэ еджапІэ 342-р псори Интернетым папщІащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, егъэджэныгъэм и мыльку-техникэ зэфІэкІым нэрылъагъуу зихьэужащ. СыэзрепльымкІэ, нэхьыщхьэ дыдэр арщи, егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэр зэпымыууэ ирагъэфІэкІуэн папщІэ Іэмал псори кьыхуэзгъэпэщащ икІи ар икьуклІэ сабэп хуэщащ школхэр кьэзыухэм я щІэныгъэм кьуащІэ зэгъэхьуэныкмкІэ. Ауэ Іэмэпсымэхэр кьэпщэхуклІэ псори зэфІэкІыркым. Ар сэбэп пылъу, тэмэму хэбгъэсэбэпыфын хуейщ. Кьащтэмэ, псом япэу ар яхуэгъэзащ «президент» ахьшэу сом мелуан зырыз зыІэрыхьа школхэм. Апхуэдэ еджапІэхэр, сэ кьызэрыслъытэмкІэ, псори зыдэпльэн Іуэхущ1апІэ, щапхъэ зыгъэрахын егъэджакІуэхэр зи куэд щколу щытыпхъщ. Лъэпкъ проектыр нобэрей лэжьыгъэм и мызакъуэу, псом япэу, зытеухуар зэман кьэкІуэнурщ.

(КІэухыр 2-нэ нэп.).

● ЩІэ

Нэхъ зэІуха мэхъу

гъуэу чэнджэщкІэ кьабгъэдыхьэ дэтхэнэми ябгъэдэльхьынрщ. НалогхэмкІэ чэнджэщэгъу Іэщ1агъэр зэзыгъэгъэтыну хуейхэр дяпэкІэ щрагъэджынущ бизнесымкІэ институтым. Ар къэзыухахэр, езыхэм я ІэнатІэ щхьэхуэ кьызэІуахьжу (нотариальнэ контюрэ жьхуэІ1эхэм хуэдэ), щІыхубзм зэрыдэлажьэным хуа1ъхьэзэзырынущ.

ЛЬОСТЭН Музэ.
Налшык къалэ.

● Хэхъныгъэ-2008

Іэмал псори щыІэщ

цІыхухэм Іэ яІэтыныр тэмэму екІуэкІынымкІэ

Мазаем и 8-м Налшык Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ Къэбрэдей-Балькъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хэтхэм, КъБР-м и щІыналъэ хэхакіуэ комиссэхэм я унафэщІхэм я семинар-зэІущІэ.

АР КЪЫЗЭІУИХАЩ Ипщэ федеральнэ округым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэ **Меркулов А.В.** ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм абы гулъытэ хэха яхуриГъэщІащ Урысей Федерацэм и Президентыр, КъБР-м и щІыпІэ самоуправленэм и органхэр щыІэныр кьызэгъэпэщыным, хэхакІуэ комиссэхэр хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІыным сыткІи хуэхьэзыру щытыным.

«Урысей Федерацэм и Президентыр, КъБР-м и щІыпІэ самоуправленэм и органхэр КъБР-м щыхэхьныр шынагъуэнщэу егъэкІуэкІынымр кьызэгъэпэщын и лъэныкъуэкІэ дэжьыпхьэхэм теухуауэ» зэрыщытыр КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ **Тупикин А.Н.** Кьыхалъхьа Іуэхугъуэм щытепсэльыхьым, зыхуэфащэ ведомствохэм ехьэлІауэ псалъэмакъым зрагъэубгъуащ КъБР-м щыІэ МВД-м и министрым и кьуэдзэ **Касумов С.Г.,** КъБР-м и прокурорым и кьуэдзэ **Жекеев А.М.,** Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и кьуэдзэ «къэралинспектор нэхъыщхьэ **Тенджиев М.Хь.**

Урысей Федерацэм и Президентыр, КъБР-м и щІыпІэ самоуправленэм и органхэр хэхьным зыщцыхуагъэхьэзырКІэ икІи щрагъэкІуэкІкІэ хэхакІуэхэм хьыбар зэрырагъащІэ, хэхьныгъэхэм и пэ кьихуэу агитацэр зэрыгъэкІуэкІ щІыкІэм кІэлъыплъын зэрыхуейм кьытеувыІащ КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Джэш В.М.**

КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и секретарь **Атмурзаевэ И.А.** зэпэкърихащ Урысей Федерацэм и Президентыр, КъБР-м и щІыпІэ самоуправленэм и органхэр зэрыхах бюлетенхэр, иэгъуэщІ документацэр гъэхьэзырным пыщІа Іуэхугъуэхэр. Ар апхуэдэуи кьытеувыІащ хэхакІуэхэр кьэралым щызекІуэ хабзэхэм я кьыхьэфІу щыгъэзгъэзэным, хэхьныгъэхэм я кьызэгъэпэщакІуэхэр егъэджэным теухуа Іуэхуэхэм.

Семинар-зэІущІэм хэтахэм я Іуэху епльыкІэр зэтехуащ хэхьныгъэр кьэсным кьэнэжа зэманым, апхуэдэуи Іэ щаІэтыну махуэм псори тэмэму екІуэкІын щхьэкІэ кьаруущхуэ екъэлІэн, Урысейм джжІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ а политикэ Іуэхур екъулІэныгъэкІэ, щынагъуэнщэу егъэкІуэкІын зэрыхуейм кІэлъыплъ.

ЧЕРЕМИСИНЭ Наталье.

● Лъэпкъ проект

Сабийхэр махуэ къэс пщІэншэу ягъашхэ

Шэрдж куейм хьыкъэ Балькъэр Ипщэ къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапІэм иращыщІэну дэжьыпхьэхэм текІуэдэну сом мин 300-р Къэбрэдей-Балькъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен езым и фондым кьыхэкІыу яхунутІыщащ.

ШКОЛЫМ и унафэщІ Карчаевэ Хьэлимэт щыгъуаэ дыэрипщІымкІэ, а ахьшэмкІэ еджапІэм и япэ кьатым жьы дыдэ хьуа и унэльэгуэр зэрахьуэкІащ, спорт Іэмэпсымэхэр ныбжьыщІэхэр зыбгъэдэсыну стОлхэмрэ кьащэхуащ.

Президентым и тыгъэм кьыдэкІуэу, Балькъэр Ипщэ кьуажэм дэт школыр зэІуэпэщ щІыным КъБР-м Еджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм сом мин 153-рэ щхьэхуэу хухихащ. Ар трагъэжІуэдащ еджапІэм и щхапІэр зыхуейхэмкІэ кьызэгъэпэщыным. Апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэхэм я фІыгъкІэ школыр зыхуей хуагъэзащ, пщІэдзэ классхэм щІэс сабиищэр махуэ къэс пщІэншэу яГъашхэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.
Шэрдж куей.

● Щ1э

Нэхъ зэІуха мэхъу

гъуэу чэнджэщкІэ кьабгъэдыхьэ дэтхэнэми ябгъэдэльхьынрщ. НалогхэмкІэ чэнджэщэгъу Іэщ1агъэр зэзыгъэгъэтыну хуейхэр дяпэкІэ щрагъэджынущ бизнесымкІэ институтым. Ар къэзыухахэр, езыхэм я ІэнатІэ щхьэхуэ кьызэІуахьжу (нотариальнэ контюрэ жьхуэІ1эхэм хуэдэ), щІыхубзм зэрыдэлажьэным хуа1ъхьэзэзырынущ.

ЛЬОСТЭН Музэ.
Налшык къалэ.

Щ1ыналъэхэм зэрыщрагъаджэр егъэфІэкІуэным и хьэжькІэ педагогхэм я лэжьапщІэр процент 25-кІэ къаІэтыфынущ

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу ирагъэжьэкІа эпэуэм щытекІуа щІыналъэщІым Ипщэ федеральнэ округым и субъектхэм ящыщу хиубыдар Къэбрэдей-Балькъэр Республикэрщ. Егъэджэныгъэр къэгъэщІэжьынымкІэ комплекс проект нэхъыфІ дыдэ зэрригъэхьэзырым кьыкІэ УФ-м и Правительствэм и нэхъыфІ дыдэ зэрригъэхьэзырым.

«Российская газета» газетым Ипщэ щІыналъэм щыІэ и Іуэхущ1апІэм хабзэ хьуауэ кьызэригъэпэщ «Іуэхуэзехьэжэ и щэджагъуашхэ» зэхьихьэм апхуэдэ екъулІэныгъэм и лъабжьэхэм, КъБР-м и школхэм егъэджэныгъэр кьызэрыщызэгъэпэщам, щІалэгъуалэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтынымкІэ, зэран хьуауэ щІэзэжьам, Къэбрэдей-Балькъэрым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **ЩхьэгъэпсО Сэфарбий.**

РГ.: Лъэпкъ проектым кьриубыдэу ирагъэкІуэкІа эпэуэм хэтахэм увыпІэхэр зэрыхуагъэшІагъэ сытым теухуауэ? Пэрыт увыпІэм папщІэ кьывата ахьшэр сытым тевгъэкІуэдэну?

ЩхьэгъэпсО Сэфарбий: УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм кьызэригъэпэща эпэуэм хэтын папщІэ Урысейм и щІыналъэ 33-м заявкэхэр ятауэ щытащ. Абыхэм ягъэхьэзырат дэтхэнэ субъектми егъэджэныгъэр кьыщыгъэщІэрэщІэжьым хуэунэтІа комплекс планхэр. А псоми я экспертизэ иригъэкІуэкІри, жюрим псоми я рейтингхэрри игъэбелджылащ. А рейтингхэр ельытат ирагъаджэхэм я бжыгъэм тещІыхьэу ахьшэ яхуэгъэтІыпщынымкІэ гъэунэхуныгъэм зэрыхэтым, зыиу щыт къэрал экзаменхэр кьызэрызэрагъэпэщым и тэмэмагъым, егъэджакІуэхэр зэрагъэхьэзырымрэ жылагъуэр егъэджэныгъэм и ІэнатІэм зэрыщылажьэмрэ.

Ахъщэшхуэр кьызэрыдатынур сэбэп хъунущ проектыщІэхэр нэхъ жыджэру кьэдгъэсэбэпынымкІэ. Псалъэм папщІэ, курыт еджапІэ псори хуэкІуэн хуейщ ирагъаджэ цІыху бжыгъэм тещІыхьа мардэхэмкІэ ахьшэ кьаІэрыхьэным. Школхэм jкьывата эзыщІэмкІэ я фондхэм дяпэкІэ хагъэхьэнущ егъэджакІуэхэр фІыуэ лэжьэным трагъэгушхуэн папщІэ ятыну ахьшэ Іыхьэрэ. Абы и хьэжькІэ егъэджакІуэхэм я лэжьапщІэм процент 25-рэ нэхъ мыкъэ, мащІэ хэхъуэнущ. Абыхэм кьадэкІуэу дэ ди мурадщ егъэджэныгъэм и фІагъыр кьыІэрапщІэ щІыналъэ системэ зэхэтІлъхьэну. Абы ипкъ иткІэ, псалъэм папщІэ, егъэджэныгъэм и муниципальнэ ІэнатІэм хиубыдэ еджапІэхэм я лэжьэкІэмкІэ рейтингхэр ягъэувыу щІэдзэнущ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр тэмэму зэтрагъэува нэужь, школхэр нэхъ зэІуахуэу лэжьэнущ, ахэр зехьэныж жылагъуэри нэхъ зыубгъуауэ хэтынущ.

РГ.: Лъэпкъ проектыр республикэм щыгъэззэщІэным сыт хуэдэ Іуэхуэхэр кьрикІуэрэ?

ЩхьэгъэпсоМ: А проектым ипкъ иткІэ инвестицэу сом мелуан 330-рэ хуэдизэ кьытІэрыхьащ, абы щыщу сом мелуан 80-р щІыналъэ бюджетым кьыхэкІащ. Апхуэдизэ ахьшэмкІэ школхэм папщІэ автобусу 67-рэ, иджырей лабораторуэу 239-рэ кьащІэхуащ. Апхуэдизэ классхэм я унафэщІхэм ахьшэ зэрыхущІагъу, нэхъ зэччиныгъэ зыбгъэдэльабийхэр еджэным зэрытрагъэгушхуэ системэхэр зэтеуващ. Республикэм щыІэ еджапІэ 342-р псори Интернетым папщІащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, егъэджэныгъэм и мыльку-техникэ зэфІэкІым нэрылъагъуу зихьэужащ. СыэзрепльымкІэ, нэхьыщхьэ дыдэр арщи, егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэр зэпымыууэ ирагъэфІэкІуэн папщІэ Іэмал псори кьыхуэзгъэпэщащ икІи ар икьуклІэ сабэп хуэщащ школхэр кьэзыухэм я щІэныгъэм кьуащІэ зэгъэхьуэныкмкІэ. Ауэ Іэмэпсымэхэр кьэпщэхуклІэ псори зэфІэкІыркым. Ар сэбэп пылъу, тэмэму хэбгъэсэбэпыфын хуейщ. Кьащтэмэ, псом япэу ар яхуэгъэзащ «президент» ахьшэу сом мелуан зырыз зыІэрыхьа школхэм. Апхуэдэ еджапІэхэр, сэ кьызэрыслъытэмкІэ, псори зыдэпльэн Іуэхущ1апІэ, щапхъэ зыгъэрахын егъэджакІуэхэр зи куэд щколу щытыпхъщ. Лъэпкъ проектыр нобэрей лэжьыгъэм и мызакъуэу, псом япэу, зытеухуар зэман кьэкІуэнурщ.

(КІэухыр 2-нэ нэп.).

● Щ1ыналъэхэм

Жыжьэ кьикІ хъыбар гуапэ

● ТхылъыщІэ

Бэлагъы Любэ и «Адыгэбзэкіэ Тхьэм сольэу», «Пащтыхь гуащэ» тхыльхэр урысыбзэкІэ Лапин Игорь зэрядзэкІри, нлъэс зыбжанэ и пэкІэ Москва дунейм къыщытехьауэ щытащ.

АТХЫЛЪХЭМ теухуауэ мазаем и пэщІэдзэм Любэ зыльэгъуІ1ащ хьыбар гуапэ кьыІэрыхьащ. Бэлагъым и юбилейм (ар ныжьыблагъэ илъэс 40 ирикъуащ) ирихьэлІэу США-м щыІэ «Wingspam Press» тхылъ тедзапІэм ахэр бзитКІэ - урысыбзэрэ инджылызыбзэкІэ - къыщыдэкІащ.

«Пащтыхь гуащэ» романыр Идар Темрыкъуэ ипхъу, Иван IV и щхьэгъусэ Гуащэ-нэ теухуащ. **«Адыгэбзэкіэ Тхьэм сольэІу»** тхылъым Бэлагъы Любэ и усэ кьыхэхахэр щызэхуэхьэсащ.

Тхылъхэр зыльэгъуну хуейхэм ар къыщагъуэтынущ икІи кьрахьыфынущ *www. amazon. com* сайтым. Абы папщІэ, сайтыр кьызэІупха нэужь, Бэлагъым и унэцІэр къэтэльэгъуэн хуейуэ аращ.

ХЬЭТУ Сэтэней.

УФ-м ЗыхъумэжьыныгъэмкІэ и министерствэм кьыщыдэкІа уиафэм ящкъ иткІэ дзэм кьулыкъу щызыщІэ офицерхэм, генералхэм яхуэль бзиІачагъыр кьащтэ.

Мы Іуэхур хуэгъэзащ унафэ щІыпІэмкІэ абыхэм яГъэ-дэтъ зэфІэкІыр кьэхуэтыным. ЗэкІэ кьызэралъытэмкІэ, офицерхэм я нэхъыбэм я узыншагъэр щІагъуэкъым. Ахэр дзэм кьыхагъэкІыну кьыщІэкІынукъым, арщхьэкІэ жэуапльныгъэ зыпылъ кьулыкъухэр щІэтхэ, я узыншагъэр зыхуэдэр кьалыгтэнущ.

Бурятым и щыхьэрым

Улан-Удэ щыпсэухэм ящыщу хъэблиц хуабэщу кьэнащ.

Ар зи зэраныр кьалтм и ТЭЦхэм ящыщ зыр мафІэм зэрисарщ. Ар гъэункІыфІыжьным эманышІхэу зекІуэдащ.

ХуэдитІкІэ

Тыркуэмэным жиІащ Таджикистаным кьрит электроэнергэ хуэдизкІэ ирагъэщІэжкІэ зэрыхьунур.

Абы нужьрейр экономикэ щытыкІэ гуГъу дыдэм ирегъуэз. Тыркуэмэным щхьэусыгъуэ ещІ Нурек ГЭС-р зыгъэлажьэ псыр хуабжьу машІэ зэрыхъуар. Абы кьыхэкІыу а ГЭС-р, хэбгъэзыхьмэ, ягъэувыІэпэнкІэ хъунущ. Таджикистаным хэкІыпІэхэр кьелыхьуэ.

Абдаллэ ЕтІуанэр Москва щохьэщІэ

Москва къэкІуащ Иорданием и пащтыхь Абдаллэ ЕтІуанэр.

Ар УФ-м и Президент Путин Владимиррэ УФ-м и Премьер-министрым и яп кьуэдзэ Медведев Дмитрийрэ епсэльащ. ЛъэныкъуэнтІми жаІащ ди къэралхэр зэрызэдэлажьэм зэрызэубгъуэ зэрагъапэр, ди зэпэщІэныгъэхэм дяпэкІи зрагъэужьыну быдэу зэрамурадыр.

ЗагъэмжалІэ

Пермь крайм зышагъэмжалІэ Красновишерскэ гухэлъымкІэ комбинатым и дзжьакІуэ зыкъомым.

ЩхьэусыгъуэР я улдахуэхэр щратыну пІалъэр хуабжьу зэрагъэгувэрщ. ЩІыналъэм и властхэр яужь итщ ахэр кьагъдэІуэну. Аршхьэкі кьэдгъ1ащІэ къэзрэ ЩхьэусыгъуэР я ІуэхущІапІэм. Цыху 11-р кьалыгтащ кьарунщ дыдэ хъуауэ. Ахэр сымаджэщым залымыгъэкІэ щІагъэгъэулъхьащ.

Дзэ кьулыкъущІэхэр къапщытэ

УФ-м ЗыхъумэжьыныгъэмкІэ и министерствэм кьыщыдэкІа уиафэм ящкъ иткІэ дзэм кьулыкъу щызыщІэ офицерхэм, генералхэм яхуэль бзиІачагъыр кьащтэ.

Мы Іуэхур хуэгъэзащ унафэ щІыпІэмкІэ абыхэм яГъэ-дэтъ зэфІэкІыр кьэхуэтыным. ЗэкІэ кьызэралъытэмкІэ, офицерхэм я нэхъыбэм я узыншагъэр щІагъуэкъым. Ахэр дзэм кьыхагъэкІыну кьыщІэкІынукъым, арщхьэкІэ жэуапльныгъэ зыпылъ кьулыкъухэр щІэтхэ, я узыншагъэр зыхуэдэр кьалыгтэнущ.

Ираныи и лъэпкъ гуфІэгъуэ

Ираныи щагъэлъэпІащ лъэпкъ гуфІэгъуэ - Революцэм и махуэр.

Абы ехьэлІа Іуэхуэм хэтащ къэралым и президент Ахмединежад. Тегеран кьыщыщыпсалъэм абы жиІащ аятолла Хомейни илъэс быбжанэ япэкІэ пхиша гъэугум тету Ираныр дяпэкІи ехьэлІэныгъэ инхэм хуэкІуэну.

Штат Зэгуэтхэр зыхуейр сыт?

А ушІэр кьэзыгъэувар Венесуэлэм и президент Чавес Угощ.

Абы кьелытэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм а къэралым и мызакъуэу, дуней псом и зэран зыхъэль Іуэхуэхэр илажьу. США-м и къэралыгъэ, жиІащ Чавес, ар зытет гъуэгум кьытемыкІмэ, дэ щІыдагъэм и уасэр куэдкІэ дэдгъэуеинуРэ США-р кьулейсыз тщІынущ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ Таджикистаным щагъэлъапІэ 1990 гъэм Душанбе щІыху куэд хэту кьыщыхьуа зэпэщІэувэныгъэм хэкІуэдахэм я фэеплъыр.

◆ 1818 гъэм дунейм кьытехьащ Карамзин Николай и «Урысей къэралыгъэм и ІыдІэр» зэхьыгъэпэщ и яп томи 8-р.

◆ 1929 гъэм Налшык хъущ щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ курорт.

◆ 1961 гъэм СССР-м щаугІыпащ дунейм щыяпэ «Венера-1» автомат станцыр.

◆ 1944 гъэм кьалъхуащ усакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Къэшэж Иннэ. 2000 гъэм дунейм ехьжащ.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 13-м, кьуэдакъыщи сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 31-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 18-рэ.**

ПІэшІэгъэ зыхьэхьэлІар **ИАД Мухьэмэд.**

Лъэпкъ Іуащ1ъэ:

Хьэ мыбанэ унэ гъэунэхъущ.

«2007-2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ Іэнатіэм и объектхэм мафІэсымкІэ я шынагъуэншагъэр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуклэ» Къэбэрдей - Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «2007-2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ Іэнатіэм и объектхэм мафІэсымкІэ я шынагъуэншагъэр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын, Іэ щІидзэн икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
№1323-РЗ

«2007-2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ Іэнатіэм и объектхэм мафІэсымкІэ я шынагъуэншагъэр» республикэ программэ хэхам и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2007 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м

1 статьяр. «2007-2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ Іэнатіэм и объектхэм мафІэсымкІэ я шынагъуэншагъэр» республикэ программэ хэхауэ мы Законым щІыгъэр къэщтэн.

2 статьяр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын «2007-2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ Іэнатіэм и объектхэм мафІэсымкІэ я шынагъуэншагъэр» республикэ программэ хэхэр гъэзэщІэным текІуэдэну ахъшэр 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуклэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр щызэхихльхьэкІэ кьиныгъ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 5-м
№7-РЗ

ЩІанкІэ Маринэ ТІутІэ и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ къалэм и суд участкэ №93-м и зэзэгъэкІуж судыщІэну пЫэувыным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзэгъэкІуж судыщІэхэм я Іуэхуклэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям ятІонэрэ Іыхьэ щІыгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. ЩІанкІэ Маринэ ТІутІэ и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ къалэм и суд участкэ №93-м и зэзэгъэкІуж судыщІэну иІэсэнкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт кыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм мазаем и 7-м
№1336-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм МафІэс къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ахъшэ зыхуаутІыпщхэм, я лэжьапщІэм хущІагъу ахъшэм ягъэхъуэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм щІыщылъэм и 25-м *№16-ПП*

«Дзэ къулыкъущІэхэм икІи гъэзэщІакІэ властым и ящыкІыгъэ федеральнэ органхэм я лэжьакІуэхэм я лэжьапщІэм хущІагъу ахъшэм хэгъэхъуным, Урысей Федерацым и Правительствэм и ящыкІыгъэ унафэхэм зохъуэжьынгъэхэр хэлъхьэным икІи къару ямыІэжу кьэлыпытэным и Іуэхуклэ» Урысей Федерацым и Правительствэм 2006 гъэ щІегъаз щІ и 1-м кьищта Унафэ №837-м ипкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм МафІэс къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ахъшэ зыхуаутІыпщхэм, социальнэ кьащъэщыжынымкІэ къызэгъэпэщын мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм МафІэс къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ ахъшэ зыхуаутІыпщхэм, штат къулыкъухэмкІэ ират улахуэкэр 2008 гъэм щыщылъэм и 1-м щІидзэауэ хуэдэ 1,15-кІэ нэхъыбэ щІын. Улахуэкэр щыхатІакъэжкІэ, ахэр зэрыхъу сом бжыгъэм щІигъу жьгъейхэр сомым нагъэсу гъэувын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэхэмкі и министерствэм (Бышэн А. А.) мы унафэр гъэзэщІэным текІуэдэну ахъшэр яхуэгъэпщынымкІэ кьызэригъэпэщын хуеиІуэ 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «Лъэпкъ зыныбжьэгъуэ ящыкІыгъэ хабзэхъуэмэ я лэжьыгъэмэр» жьхуиІэ и Іыхьэм «мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ жьхуиІэ и Іыхьэ кьуэдэзм и къэхъкІэ, мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ къэрал Іэнатіэм и щІыналъэ подразделениэхэм я лэжьакІуэхэм я лэжьапщІэр, нэгъэщІ социальнэ ахъшэхэр иратын папщІэ 2008 гъэм федеральнэ бюджетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхахыну межбюджетнэ трансфертхэм къытІасэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей

ЩІэныгъэ зэзыгъэгъуэтынум анэдэлъхубзэр зэран хуэхъуркъым

(КІэухыр Пэщіэдзэр 1-нэ нап.).

РГ.: Лъэпкъ проектыр гъэзэщІынэм хэлъ мыхъумыщІагъэхэр щІэт. ЩыэныщыгъэхэзщІ, республикэм и прокуратурэм кьызэІуихащ школхэм я унафэщІ зыбжанэм яхуэгъэза уголовнэ Іуэхухэр.

Щхьэгъэпсэм: Конкурсхэм щытекІуа ятІонэ ещанІэ-хэм ахъшэшхуэ кьаазэрыІэрыихьэу ар зытрагъэжьагъэдэнур нэгъэсауэ щахуэмыгъэбледжьыла кьэхъуащ. Язныкьуэу унафэщІхэр епІэщІэкІри, автомашинэ псынщІэхэр къащэхуащ. Ауэ, иужькІэ кьызэрыщІэкІамкІэ, а ахъшэр зытратэкІуэдэну хуэгъэнырыр школхэм я мыхьку-т екнимэ льабжьэр гъэбыдэнырт е егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэнырт. Куэд дэмыкІыу школхэм я директорхэм хэщІыныгъэр япшынэжьн папщІэ автомашинэхэр ящэжьн хуей хьуащ. Нобэ апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр щхьэхъуэнкІэ Іэмал иІэкъым - ахъшэр зытрагъэкІуэдэнур Іупщі Іу убзыхуащ.

РГ.: Налшык къалэм щыпсэу Тхьэзэпльыж Ис пьам мэтхьэсусыз республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм Іулъхьэ зэрыщыгъэкІуэм теухуауэ. Абы зэрыжиІэмкІэ, мы зэманым вузым и бюджет къудамэм уэзрыщІэмыгтІысхьэфынм кьыщымынэу, экзамени пхутыныкъым - дэнэкІэ зыбгъаззэми, ахъшэ ептын хуейщ. ЕгъэджакІуэхэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм я Іуэхум зыгуэр хищІыхьыфыну?

Щхьэгъэпсэм: ЕгъэджакІуэхэм и Іэнатіэм Іулъхьэ зэрыщІэзекІуэм щхэуу зыри хэлькьым. Сэ абы теуауа ухъурысыхафэхэр куэдрэ кьысІэрохьэ, ауэ, занщІэу жысІэнщи, зыри с хуэзэфІэкІынукъым, сыту жыпІэмэ институтхэмрэ университетхэмрэ щІыналъэ министерствэм пыщІакъым, ахэр зи унафэ щІэтыр федеральнэ министерствэрщ.

Коррупцэм упэщІэувэфынущ, пэщІэувэни хуейщ. Абы и лъэныкьуэкІэ къэлытапхъэщ Іулъхьэр зэрызэрагъакІуэ щІыкІэмрэ ар зезыгъакІуэхэмрэ. Язныкьуэхэм дежи псори зи яГэгъэ зэрыщІэзекІуэр «ахъщэ». Іэпщі зэныгъэхэм хуэкІуэну хэзыгъэхьэр езы студентхэмрэ абыхэм я адэанэмрэщ. Дызэрыщыгъуазэщи, Іулъхьэ кьеІыпхъыни и мызакъуэу, Іулъхьэ ттынри законым кьеІэзыгъэкъым. Дауэ мыхъумыщІагъэхэр кьыщыкъуэкІыж дзе хабзэхъуэмэ органхэм, псом ящІэу прокуратурэм, хьэбар ирагъэщІэн хуейщ.

РГ.: Къэралым ІэщіэмыльдджамкІэ куэд йокІуэкІ Кавказ Ищхьэрэм и школхэм зэрыщрагъаджэр хуэм-хуэмрэ лъэпкъхэм я бзэм хуэгъэкІуэным теухуауэ, Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и школхэм я пэщІэдзэ классхэм бзэщкІэ - адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ щрагъаджэ.

ИужькІэ сабийхэр нэгъуэщІ щІынальэхэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэн папщІэ апхуэдэ егъэджакІэр зэран кьаухуэмыухуу пІэрэ?

Щхьэгъэпсэм: Урысыбзэр сыт щигъуи щытащ, идджыри щытщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школ псоми зэрыщрагъаджэ бзэуэ. Ауэ ди республикэм лъэпкъ куэд щопсэу, абы кьыхэкІыу егъэджэныгъэм и системэм кьалэн пыухыкІаэр кьыбгъэдохуэ. АдыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ екІуэкІ урокхэм сабийхэм щадж езыхэм я лъэпкъ щэнхабзэр икІи ар сэбэп мэхьу щыткІэ дадэІэпыкъуну кьыщІэльаІуэкІри щыІэщ. ЗэрыпурыІуэгъуэщ, сэ схуэзэфІэкІынукъым псори вуз нэхъыфІ дыдэу щыІэхэм щІэтІысхьэну згъэкІуэн е зыуэ щыт къэрал экзаменхэр хэхауэ езгъэтын. Абыхэм ятехуауэ я къэралым и щІыналъэ псоми щыІэ мардзэхэр зэхуэхуэ. Ауэ ди деж кьаКІуэ цІыхухэм жаІа-хэм щыщу зыри къэдгъанэркъым гулыитэ хэльу зэпкърыдмыхыу. Аэр сэбэп мэхьу егъэджэныгъэм и Іэнатіэм щыІэ гугуехьхэр кьыдгурыІуэнымкІэ, гулыитэ хэха абыхэм яхуэтщІынымкІэ.

МАЦУР Марие.
Налшык къалэ.
(2008 гъэм щІышылъэм и 7-м кьыдэкІа «Российская газета», № 25)

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

«Роллинг Стоунз» фильмымкІэ къызэІуах

Берлин дунейпсо кинофестивалым и 58-нэ зэІуцІэм щІидзащ мазаем и 7-м. МахуишкІэ екІуэкІыщу зэхьэзэхуэр Скорсезе Мартин и «Роллинг Стоунз» фильмымкІэ къызэІуахащ.

ФЕСТИВАЛЫМ и «Панорама» Іыхьэм хэтщ Меликян Аннэ и «Русалка» фильмыр, щІышылэ мазэм Америкэм щекІуэкІа «Сандэнс» зэхьэзэхуэм режиссер лэжьыгъэкІэ кьыщыхэжаныкІар. «Форум» зыфІаща Іыхьэм щагъэлэгъэнущ къарал 33-м къраща лэжьыгъэщІэу дунейпсо утыкум ятеу зэрахьэр. Абыхэм ящыщу лэжьыгъэ 16-м я режиссерхэм я зэфІэкІыр иджы ятеу ящыгъэнэхуу арац.

Лисициан Павел и цІэр зезыхьэ

Ятеу дунейпсо зэхьэзэхуэ екІуэкІащ мазаем и 3-7-хэм. Ар къызэрагъэпэщат Лисициан Павел и цІэкІэ щыІэ псапащІэ фондым, Москва къалэм и Правительствэм, Армение Республикэм ЩІэнхабзэмрэ щІалэгъуалэм ядэлэжьэныжьІэ и министерствэм, Урысейм и Къэрал Академическэ Театр Иным, Музыкэм и Іэмэкъабгуэхэм я дунейпсо союзым.

ЗЭХЬэЗЭХУЭР зыхуэзгъэпсауэ щытар баритон макъ, Лисициан и макъым хуэдэ, зиІэ уэрэджыІакІуэхэрт. Лисициан Павел и цІэкІэ щыІэ псапащІэ фондым и унафэщІ Лисициан Карнэ зэхьэзэхуэм нэхъыбэ кьыпэкІуэу кьелытэ, къызэрыгуэкІ фестивалым нэхър. Аращ зэпеуэм кьыщІыгтеувІаэхэр. КъызэгъэпэщакІуэхэм ягъуэва саугъэтхэми музыкантхэр я Іуэхум зэрытригъэгушхуэнри абы шэч кьытрихьэркъым.

